

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Karya sastra mangrupa hasil rékacipta manusa ngaliwatan médium basa, boh lisan boh tulisan. Basa dina karya sastra dipaké pikeun ngahontal ajén-ajén éstétis (kaéndahan séni).

Saenyana mah, karya sastra téh geus dipikanyaho ku masarakat saméméh maranéhna nyaho kana studi sastra. Ku kituna, karya sastra mangrupa hasil budaya titinggal karuhun anu kudu dipaliré jeung dimumulé. Ayana karep masarakat pikeun ngamumulé karya sastra tangtu baé bakal mangaruhan kana kamekaran sastrana sorangan. Salasahiji tarékah masarakat pikeun ngamumulé nya éta di antarana ngadokumentasikeun karya sastra buhun boh anu sipatna lisan boh anu sipatna tinulis.

Wangun dokuméntasi karya sastra buhun anu sipatna tinulis nya éta dina wangun naskah. Nurutkeun Baried (1985:4) naskah téh nya éta berita ngeunaan hasil budaya anu diébréhkeun ku téks klasik bisa dibaca dina titinggal-titinggal anu mangrupa tulisan.

Naskah mangrupa objék tina filologi. Filologi téh ngabogaan tujuan pikeun ngébréhkeun ma'na téks dina segi kabudayaan. Ditilik tina kandungan ma'nana, wacana anu mangrupa téks klasik téh ngabogaan fungsi, nya éta ngabayangkeun pikiran jeung ngawangun norma anu dipaké di masarakat, boh pikeun generasi sajamanna boh generasi anu bakal datang.

Naskah Sunda méré informasi ngeunaan masarakat Sunda jaman harita dina waktu naskah éta ditulis. Naskah Sunda téh sumebar di masarakat, ngan hanjakal saenyana mah kaayaan naskah di masarakat kurang dipikaharti, komo pikeun jalma awam mah, lantaran naskah-naskah anu aya di masarakat téh nepi ka ayeuna ukur dijadikeun barang pusaka jeung dipusti-pusti, sarta teu sagawayah jalma bisa maca. Padahal éta naskah téh geus réa anu raruksak, moal boa geus réa nu ruksak saméméh kapesék eusina, tungtungna mah béak ku rinyuh jeung beurit. Geus kitu mah boro-boro kaala mangpaatna. Ku kituna, pikeun ngungkulan éta masalah, perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan éta hal, supaya naskah nu can kabaca téh jadi bacaan anu gampang dipaham jeung ditarima ku balaréa.

Naskah dibagi kana dua wangun nya éta prosa jeung puisi. Naskah anu mangrupa prosa contona naskah du'a jeung paririmbun sedengkeun naskah dina wangun puisi contona anu ditulis dina wangun pupuh jeung mantra.

Salah sahiji warna naskah Sunda anu loba dihasilkeun nya éta dina wangun wawacan. Nurutkeun Iskandarwassid (2003:168) wawacan téh nya éta carita anu didangding, digelarkeun dina puisi pupuh. Nurutkeun para ahli, gelarna wawacan dina sastra Sunda téh lantaran pangaruhna tina sastra Jawa. Wawacan mekarna di tatar Sunda téh ngaliwatan sababaraha tahap. Dina tahap kahiji lalakon-lalakon wawacan tina sastra Jawa téh langsung disalin, henteu disundakeun, mangrupa naskah. Tahap kadua, témbong usaha narjamahkeun (nyalin) kana basa Sunda, sangkan eusina kaharti ku balaréa. Tahap katilu, lain narjamahkeun, tapi nyipta

carita-carita nu geus nyampak ti baheula dina wangun wawacan, saperti tina dongéng, hikayat jeung babad. Tahap kaopat, sabada aya teknologi cétak, wawacan anu tadina mangrupa naskah téh réa anu diterbitkeun mangrupa buku; dibarengan ku ciptaan-ciptaan alanyar, sarta wandana ogé anyar.

Anu jadi ciri wawacan nya éta leunjeuran caritana anu kauger ku wangun pupuh. Pupuh nya éta wangun karya sastra anu kauger, mibanda guru lagu, guru wilangan, jeung jumlah padalisan dina unggal pada. Pupuh anu digunakeun dina wawacan aya 17. Tina 17 éta pupuh kabagi dua, nya éta sekar ageng jeung sekar alit. Sekar ageung nya éta pupuh: Kinanti, Sinom, Asmarandana, jeung Dangdanggula. Sekar alit nya éta: Balakbak, Durma, Gambuh, Gurisa, Jurudemung, Ladrang, Lambang, Magatru, Maskumambang, Mijil, Pangkur, Pucung, jeung Wirangrong.

Wawacan anu ditalungtik nya éta *Wawacan Samaun*, ditulis ngagunakeun aksara Pégon. Ieu naskah sumberna tina sastra Arab jeung kisah Islamisasi, lantaran eusina nyaritakeun ngeunaan hiji budak anu iman dina jaman Nabi Muhammad. *Wawacan Samaun* mibanda struktur carita anu bisa dianalisis, sarta bisa dianalisis pupuh-pupuhna.

Dumasar kana Peraturan Daérah Jawa Barat nomer 20 taun 2003, pangajaran Basa jeung Sastra Sunda diwajibkeun ti mimiti SD nepi ka SMA. Ku kituna, dina *Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP)* mata pelajaran basa jeung sastra Sunda kaasup kana muatan lokal anu wajib diajarkeun di SMA. Pangajaran basa jeung sastra Sunda ngabogaan tujuan pikeun ngajénan jeung nimbulkeun rasa

kareueus kana basa jeung sastra Sunda, paham kana basa jeung sastra Sunda, sarta mampuh maké basa Sunda kalawan bener tur merenah.

Ieu panalungtikan leuwih museur sarta dihususkeun pikeun néangan struktur anu aya dina *Wawacan Samaun* anu disaluyukeun kana SK-KD salaku bahan pangajaran di SMA, nya éta dina kaparigelan maca.

Mahasiswa anu geus nalungtik ngeunaan analisis struktur dina wangun skripsi nya éta: “Analisis Struktur jeung Ajén Budaya *Wawacan Nabi Yusuf*” (Eva Novianti, 2004), “Analisis Struktur *Wawacan Lokayanti*” (Erni Rustini, 2005), “Kajian Filologis jeung Analisis Struktur *Wawacan Raja Ayaban*” (Rukoyah, 2007), “Analisis Struktur *Wawacan Rara Mendut*” (Rusmayanti, 2008), “Struktur jeung Ajén Moral dina *Wawacan Simbar Kencana* pikeun Bahan Pangajaran di SMA” (Irman Aprisa Nugraha, 2009), “Struktur dina *Wawacan Carios Munada* pikeun Bahan Pangajaran di SMA” (Rija, 2009) “Analisis Struktur Carita jeung Ajén Budaya *Wawacan Régén Boncél Bupati Caringin* pikeun Bahan pangajaran di SMP” (Nenda Nurwendah, 2009), “Analisis Struktur jeung Ajén Moral dina Naskah *Wawacan Ratu Déwi Maléka*” (Devi Cahyani Wulansari, 2009), “Analisis jeung Ajén Budaya dina *Wawacan Panji Kusumah* pikeun Bahan Pangajaran di SMP” (Nenden Sri Utari, 2010), “Kajian Filologis jeung Analisis Struktural Naskah Carita Raja Jumjuman” (Mira Retna Priatna, 2010). Sakumaha katerangan di luhur, *Wawacan Samaun* nepi ka danget ieu can ditalungtik struktur jeung pupuhna. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan kana éta hal dina wangun skripsi, anu dijudulan "Analisis Struktur

Wawacan Samaun pikeun Bahan Pangajaran di SMA Kelas XII".

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan ieu panalungtikan puguh hanca garapanana, perlu diwatesanan. Tumali jeung éta hal, watesan ieu panalungtikan téh nya éta:

- 1) struktur carita anu ngawengku fakta carita (palaku, galur, latar) jeung pupuhna;
- 2) hasil analisis struktur *Wawacan Samaun* dijadikeun bahan pangajaran di SMA.

1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah anu ditalungtik perlu dirumuskeun heula dina wangun pertanyaan. Ku kituna, rumusan ieu perlu diwincik dina wangun pertanyaan saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha déskripsi naskah *Wawacan Samaun*?
- 2) Kumaha transliterasi naskah *Wawacan Samaun*?
- 3) Kumaha struktur *Wawacan Samaun* anu ngawengku fakta carita (palaku, galur, latar) jeung pupuhna?
- 4) Kumaha hasil analisis struktur *Wawacan Samaun* dijadikeun bahan pangajaran di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah anu dipedar, ieu panalungtikan ngabogaan tujuan anu baris dihontal nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun maluruh naskah ngagunakeun pamarekan filologi, sarta maluruh struktur carita naskah *Wawacan Samaun* jeung pupuhna.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan bisa dibagi jadi sababaraha hal, nya éta:

- 1) pikeun ngadéskripsikeun naskah *Wawacan Samaun*;
- 2) pikeun nyusun transliterasi naskah *Wawacan Samaun*;
- 3) pikeun ngadéskripsikeun struktur carita naskah *Wawacan Samaun* jeung pupuhna;
- 4) nyusun hasil panalungtikan *Wawacan Samaun* pikeun bahan pangajaran di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngabogaan mangpaat, di antarana:

- 1) pikeun miara karya sastra buhun sangkan teu babari leungit;
- 2) pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan kasusastraan Sunda, hususna ngeunaan naskah *Wawacan Samaun*;

- 3) pikeun ngeuyeuban pabukon Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah; jeung
- 4) nyusun hasil panalungtikan *Wawacan Samaun* pikeun bahan pangajaran di SMA.

1.5 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih museur, ieu di handap dijéntrékeun istilah-istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan, nya éta:

- 1) analisis struktur mangrupa hiji talaah kana unsur-unsur intrinsik nu ngawangun carita, nya éta pikeun ngadéskripsikeun fakta carita nu ngawengku palaku, galur jeung latar;
- 2) wawacan nya éta carita anu didangding, digelarkeun dina puisi pupuh. Dina seni Sunda kagiatan maca wawacan téh disebut beluk;
- 3) *Wawacan Samaun* mangrupa salasahiji naskah Sunda nu ditulis maké aksara Pégon. Naskah *Wawacan Samaun* mangrupa saduran tina pangaruh Islam. Ieu wawacan nyaritakeun ngeunaan hiji budak anu ngaranna Samaun, manéhna geus iman ka Nabi Muhammad ti nalika lahir.
- 4) pikeun bahan pangajaran di SMA, nya éta hasil tina panalungtikan dirékomédasikeun pikeun bahan pangajaran di SMA.

1.6 Anggapan Dasar

Anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) *Wawacan Samaun* mangrupa hasil karya sastra buhun;
- 2) *Wawacan Samaun* mibanda struktur anu ngawangun caritana;
- 3) *Wawacan Samaun* bisa dianalisis pupuh-pupuhna;
- 4) *Wawacan Samaun* bisa dijadikeun bahan pangajaran di SMA.

1.7 Rangkay Tiori

Anapon anu jadi rangkay tiori dina ieu panalungtikan nya éta: (1) pedaran ngeunaan wawacan, anu ngawengku: wangenan wawacan, sajarah kamekaran wawacan, jeung klasifikasi wawacan, (2) struktur carita, anu ngawengku: palaku/tokoh, galur/plot, jeung latar/setting, (3) pupuh anu digunakeunana, nya éta: Guru wilangan, guru lagu, jumlah padalisan dina sapada, watek pupuh, jeung sasmita pupuh, (4) bahan pangajaran, anu ngawengku: kurikulum, SK-KD mata pelajaran basa jeung sastra Sunda, muatan lokal, mata pelajaran basa jeung sastra Sunda SMA/SMK/MA, kriteria milih bahan, (5) analisis naskah *Wawacan Samaun*, strukturna sarta pupuhna.

1.8 Méthode, Téhnik, jeung Instrumen Panalungtikan

1.8.1 Méthode Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan méthode anu digunakeun nya éta méthode déskriptif analisis.

1.8.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik ulikan pustaka, anu ngawengku transliterasi naskah jeung analisis struktur.

1.8.3 Instrumen Panalungtikan

Instrumen anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sistim tabulasi atawa sistim tabél anu tujuanna pikeun nganalisis pupuh anu aya dina naskah *Wawacan Samaun*.

1.9 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data nya éta sakabéh téks nu ngarojong tur anu dijadikeun sumber utama dina panalungtikan. Dina ieu panalungtikan anu dijadikeun sumber data utama nya éta naskah *Wawacan Samaun*.